

UJI KUALITAS CAI DI WADUK CIRATA KABUPATEN PURWAKARTA

Oleh: Nova Nofiyana
135040006

RINGKESAN

Parantos dilakukeun panalungtikan sareng judul “Uji Kualitas Cai Di Waduk Cirata Kabupaten Purwakarta”. Masalah lingkungan anu resep dialaman ku Waduk nyaeta kaayaan cai anu sok ngalaman parobahan margi lebeutna bahan pencemar anu ti sagala rupa kagiatan jalmi sapertos : sampah kagiatan domestik, rorodan panumpukan sarta pestisida ti tatanen, rorodan pakan budidaya perikanan. Panalungtikan ieu gaduh tujuan sakeun kanggo ngahasilkeun data ngeunaan kualitas fisik-kimia cai sareng ngadeskripsikeun kayaan perairan dina Waduk Cirata Desa Sinargalih Kecamatan Maniis, Kabupaten Purwakarta, Jawa Barat. Padika panalutikan ieu nyaeta nganggo deskriptip sareng desain *Belt Transect*. Pangujian kualitas cai dilakukeun dina wewengkon anu kabuka sareng wewengkon anu katutupan ku gulma. Panalungtikan ieu kening hasil rata-rata kanggo *Biochemical Oxygen Demand* (BOD) nyaeta 3,1 mg/L, *Chemical oxygen Demand* (COD) 8,6 mg/L, *Dissolved Oxygen* (DO) 6,7 mg/L, Potensial Hydrogen 6,9, suhu cai 23⁰C sareng Intensitas cahaya 37. Panalungtikan dina wewengkon anu katutupan ku gulma nunjukeun hasil rata-rata kanggo *Biochemical Oxygen Demand* (BOD) nyaeta 3,3 mg/L, *Chemical oxygen Demand* (COD) 8,0 mg/L, *Dissolved Oxygen* (DO) 6,6 mg/L, Potensial Hydrogen 7,1, suhu cai 22⁰C sareng intensitas cahaya nyaeta 35. Dumasar kening data kasebat, kualitas cai dina Waduk Cirata Desa Sinargalih Kecamatan Maniis, Kabupaten Purwakarta, Jawa Barat, tiasa keneh diperuntukeun kanggo prasarana/sarana rekreasi cai, ngabudidayakeun lauk tawar, peternakan, cai kanggo pertanian sareng sanesna nu ngasyaratkeun mutu cai sareng sanes cai kanggo anu di eueut.

Kata kunci: Kualitas, Cai, Waduk Cirata, *Belt Transect*, Purwakarta